

Sijasyon

Nou kreye kont Lekòl NYC avèk sijasyon paran ak edikatè. Itilize link **Sijasyon** ki anba adwat nempòt ekran pou soumèt sijasyon ba kont Lekòl NYC.



Si nempòt enfòmasyon ou wè konsènan pitit ou nan kont Lekòl NYC la pa kòrèk, kontakte lekòl pitit ou ye a.

Login nan

<http://mystudent.nyc>



Jwenn plis enfòmasyon lè w al sou sit :
<http://schools.nyc.gov/nycschools>

T&I-24532 (Haitian Creole)

Kont Lekòl NYC

Kesyon moun poze souvan (FAQ)

1. Kouman mwen ka kreye yon kont lekòl NYC ?

Ou ka kreye yon kont lekòl NYC lè w al sou sit <http://schools.nyc.gov/myaccount> sou nempòt konpitè oswa ekipman ki gen koneksyon entènèt epi klike sou Create Account. W ap bezwen yon kòd krayasyon kont Account Creation Code pèsònèl nou te voye ba w lakay ou nan yon lèt pou chak timou ki nan yon lekòl leta Vil Nouyòk. Nou bay plis eksplikasyon nan lèt la. Si w pa t resevwa yon lèt, kontakte lekòl pitit ou a. Ou ka vizite tou lekòl pitit ou a pou kreye yon kont anpèsòn. Pou fè sa, w ap bezwen bay yon pyès idantifikasyon ki gen foto, yon adrès imèl ki valid ak nimewo ID nèf chif pitit ou a.

2. Kiyès ki ka kreye yon kont Lekòl NYC pou pitit mwen ?

Ou ka fè sa oumenm (sou entènèt) oswa si w ale nan lekòl pitit ou a. Sepandan, ou dwe se paran oswa responsab legal timoun lan epi abite nan menm adrès avèk li pou kreye yon kont. Tanpri kontakte lekòl ou a si w gen nempòt kesyon konsènan jan pou w jwenn aksè oswa si w gen nempòt pwoblèm lè w ap kreye yon kont sou entènèt.

3. Kilè pou m itilize Kod pou kreye kont mwen an ?

W ap bezwen sèlman yon Kod pou kreye yon kont si w ap kreye kont ou sou entènèt oswa si w ap ajoute yon lòt timoun sou kont ou genyen an sou entènèt. Si w te deja kreye yon kont anpèsòn (epi li gen ladan l tout pitit ou yo ki nan lekòl leta NYC), ou p ap bezwen yon Kòd pou kreye yon kont.

4. Yo pa voye banm yon Kont pou kreye yon kont. Kisa mwen ta dwe fè?

Lekòl pitit ou ye a ta dwe voye ba w yon lèt konsènan Kòd pou kreye yon kont ak yon Kòd pou kreye yon kòd pèsònèl. Si w gen plis pase yon pitit nan lekòl leta Vil Nouyòk, w ap resevwa yon kòd pou chak timoun. Si w pa resevwa yon lèt, kontakte lekòl ou a oswa pran yon randevou pou kreye yon kont anpèsòn.

5. Èske mwen ka kreye yon kont lekòl NYC pou plis pase yon timoun ?

Wi, si w gen plis pase yon pitit nan lekòl leta NYC, ou ka kreye yon kont pou tout timoun yo pandan yon sèl sesyon pou enskripsyon sou entènèt lè w ajoute Kòd pou kreye yon kont pèsònèl pou chak timoun. W ap resevwa yon lèt ki gen yon Kòd pou kreye yon kont pou chak timoun. Ou ka ajoute lòt timoun nan yon kont ou deja genyen sou paj *Manage My Account* la lè w ajoute nimewo idantifikasyon 9 chif chak timoun ak Kòd pèsònèl pou kreye yon kont lan.

6. Èske m ap bezwen yon kont apa pou chak timoun ?

Non, w ap ka wè tout pitit ou yo nan yon sèl kont lekòl NYC. Depi ou fin kreye yon kont, ou ka ajoute rès timoun yo si w mete ID 9 chif elèv elèv la ak Kod pou kreye yon kont Account Creation Codes yo nan paj *Manage My Account*.

7. Kiyès ki ka ede m avèk kont Lekòl NYC mwen an ?

Si w gen kesyon konsènan jan pou navige nan kont ou an, kontakte lekòl pitit ou a oswa telefòn 311. Lekòl ou a ap voye w kote manm estaf ki la pou sa a.

8. Èske mwen ka gade enfòmasyon sou pitit mwen an nan yon lang ki pa angle ?

Wi, ou ka chwazi yonn nan dis lang ki nan Paj akèy **Home Page** kont Lekòl NYC ou a ki se arab, bengali, chinwa, angle, franse, kreyòl ayisyen, ris, panyòl, ak oudou.

9. Mwe bliye modpas mwen. Kouman mwen ka antre sou kont mwen an ?

Si w kreye yon kont Lekòl NYC epi ou bliye modpas ou, itilize link *Forgot your password?* ki sou paj pou antre sou kont la pou w ka rekreye l. Si pwoblèm lan kontinye, kontakte lekòl pitit ou ye a.

10. Konbyen fwa mwen dwe tcheke kont Lekòl NYC ?

kont Lekòl NYC se yon bonjan fason pou tcheke pwogrè akademik pitit ou pandan ane lekòl anplis konferans pwofesè-paran ak lòt reyinyon ou gen avèk lekòl pitit ou a.

11. E si enfòmasyon sou pitit mwen pa kòrèk nan NYC Schools ?

Si nenpòt enfòmasyon ou wè konsènan pitit ou nan kont Lekòl NYC la pa kòrèk, kontakte lekòl pitit ou ye a.

12. Èske pitit mwen an ka wè enfòmasyon ki konsène l yo sou kont Lekòl NYC?

kont Lekòl NYC se yon sit wèb ki fèt pou fè w jwenn enfòmasyon enpòtan sou pwogrè pitit ou fè lekòl. Nou ankouraje w gade kont Lekòl NYC avèk pitit ou a pandan w ap pale avèk li osijè pwogrè akademik li.

13. Èske lekòl pitit mwen an ap toujou voye banm kanè l ?

Wi, chak lekòl gen pwòp kanè l ki ka gen lòt enfòmasyon anplis nòt timoun lan fè ki endike nan kont Lekòl NYC ou a. Kont Lekòl NYC ou a pa ranplase dosye ofisyèl lekòl pitit ou a.

14. Mwen pa gen yon konpitè. Kouman mwen ka ale nan kont Lekòl NYC?

Kont Lekòl NYC aksesib nan tout ekipman ki gen koneksyon entènèt, tankou yon konpitè, yon telefòn, oswa yon tablèt. Si w bezwenn aksè nan yon konpitè, al nan bibliyotèk ki pi pre kay ou.

15. Poukisa mwen bezwen konfime imèl mwen pou m ka gade enfòmasyon sou pitit mwen an?

Nou mande tout moun k ap itilize kont Lekòl NYC pou konfime adrès imèl yo pou asire adrès yo bay la konekte ak yon kont imèl ki aktif.

16. Kilè mwen ta dwe konfime adrès imèl mwen?

Si w te kreye yon kont Lekòl NYC avan 10 me 2016, depi w fin antre ladan, n ap voye yon imèl ba w pou konfime kont ou an. Ou gen chwa pou konfime imèl ou nan moman sa a oswa nenpòt lè avan 30 septanm 2016.

Si w kreye yon kont apre 10 me 2016, n ap mande w pou konfime adrès imèl ou avan pou ka gen aksè nan aplikasyon an. Apre ou fin valide kont lan pou premye fwa, w ap bezwen valide adrès imèl ou nenpòt lè ou chanje adrès imèl kont Lekòl NYC ou a. Imèl la prale otomatikman nan nouvo adrès la.

Imèl yo voye ba w nan adrès imèl ou pou valide kont lan ap ekspire nan 24èdtan apre yo fin voye l.

17. Mwen gen yon kont Lekòl NYC deja epi mwen resevwa yon mesaj ki mande m pou m konfime imèl mwen nan NYC Schools Account 30 septanm 2016 pou pi ta? Kisa sa vle di?

Si w pa konfime adrès imèl ou 30 septanm 2016 pou pi ta, ou pa p kapab wè enfòmasyon pitit ou a nan kont Lekòl NYC. Si w gen kesyon oswa enkyetid, kontakte lekòl pitit ou a.

18. Èske enfòmasyon sou pitit mwen an sekirite nan kont Lekòl NYC ?

Wi, enfòmasyon ki nan kont Lekòl NYC ansekirite epi *128-bit SSL encryption* pwoteje l. Enfòmasyon konsènan pitit ou a pwoteje dapre Dwa pou Edikasyon ak Vi prive Fanmiy *Family Educational Rights and Privacy Act* (FERPA). Pou plis enfòmasyon osijè FERPA, ale sou sit :

<http://www2.ed.gov/policy/gen/guid/fpco/ferpa>.